

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur panalungtikan, prosedur panalungtikan, instrumént panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik analisis data, uji sipat data, uji hipotésis data, jeung uji signifikan data.

#### 1.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalayan ngagunakeun metode studi kuasi ékspérimén. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 207) panalungtikan ékspérimén téh mangrupa panalungtikan anu miboga maksud pikeun mikanyaho aya atawa henteuna pangaruh tina hiji hal dina subjék. Salian ti éta, panalungtikan ékspérimén dipaké pikeun mikanyaho ayana hubungan sabab akibat. Métode kuasi ékspérimén dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho ayana bébédaan atawa henteu antara saméméh jeung sanggeus dilarapkeunna modél pangajaran PBL.

Nurutkeun Arikanto (2010, kc. 123) désain kuasi ékspérimén aya tilu rupa nyaéta 1) *one shot case study*, 2) *Pre Test and Post test*, jeung 3) *Static Group Comparison*. Dina ieu panalungtikan desain anu digunakeun nyaéta *pretest* jeung *posttest* anu dilaksanakeun ka siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021. *Pretest* dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa dina nulis téks warta saméméh digunakeunna modél pangajaran PBL, sedengkeun *posttest* dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa dina nulis téks warta sanggeus digunakeunna modél pangajaran PBL.

Dina desain ieu, tés dilaksanakeun dua kali nyaéta saméméh jeung sanggeus dilaksanakeunna ékspérimén. Kagiatan tés nu dilaksanakeun saméméh ékspérimén ( $O_1$ ) disebut *pretest* jeung tés sanggeus dilaksanakeun ékspérimén ( $O_2$ ) disebut *posttest*. Sangkan leuwih jéntré desain panalungtikan kuasi ékspérimén nu digunakeun dina ieu panalungtikan digambarkeun dina tabél ieu di handap.

**Tabél 3.1**

Désain Panalungtikan

<i>Pretest</i>	<i>Treatment</i>	<i>Posttest</i>
O <sub>1</sub>	X	O <sub>2</sub>

(Arikunto, 2010)

Katerangan:

O<sub>1</sub> : *Pretest*/pratés (pangajaran nulis téks warta saméméh ngagunakeun modél pangajaran PBL)

X : *Treatment* (pangajaran nulis téks warta ngagunakeun modél pangajaran PBL)

O<sub>2</sub> : *Posttest*/pascaté (hasil panalungtikan sanggeus ngagunakeun modél pangajaran PBL)

### 1.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan mangrupa kamampuh nulis téks warta tina matéri pangajaran nulis warta siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *PBL*. Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMK Negeri 4 Bandung nu perenahna di Jl. Kliningan No.6 Buah Batu Bandung. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021 nu jumlahna aya 35 siswa. Sangkan leuwih jéntré, sumber data panalungtikan bisa katitén dina tabél 3.2 ieu di handap.

**Tabél 3.2**

Data Siswa SMK Negeri 4 Bandung

<b>Kelas</b>	<b>Wanda Boga</b>	<b>Jumlah</b>
XI-Multimedia	Lalaki	24 siswa
	Awéwé	11 siswa
<b>Jumlah</b>		35 siswa

### 1.3 Prosedur Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, ayana prosedur panalungtikan téh penting pisan ku sabab eusina nétélakeun léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun ku panalungtik. Pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif nu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, désain nu dipaké nyaéta ngagunakeun

Artia Catur Utami Putri, 2021

**MODÉL PANGAJARAN PROBLEM BASED LEARNING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS WARTA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

désain tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*).

Dumasar kana prosedur panalungtikan, léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan dipedar saperti ieu di handap.

a. Maluruh masalah dina panalungtikan.

Masalah nu karandapan dina pangajaran nulis warta téh nyaéta struktur téks warta, aspék kabasaan jeung pola midang warta. Dina ieu tahap dilaksanakeun wawancara langsung ka guru basa Sunda SMA/SMK/MA/MAK Bandung pikeun meunangkeun informasi ngeunaan masalah nu aya dina pangajaran nulis téks warta hususna dina nepikeun matéri pangajaran nulis téks warta. Ogé nganalisis langsung tina hasil warta siswa kelas XI.

b. Ngarumuskeun masalah.

Rumusan masalah katitén sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan nu aya dina kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri Bandung.

c. Nyusun raraga tiori

d. Ngarumuskeun hipotésis.

e. Nyusun instrumén panalungtikan.

f. Ngalaksanakeun panalungtikan ka sakola SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021.

Anapon tahap pelaksanaan dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) nyiapkeun matéri pangajaran ngeunaan nulis téks warta;
- 2) nyiapkeun instrumén panalungtikan; jeung
- 3) ngalaksanakeun panalungtikan ka siswa.

g. Nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan *SPSS versi 18*.

Anapon tahap nu dilakukeun dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) ngumpulkeun data;
- 2) ngolah hasil data *pretest*;
- 3) ngolah hasil data *posttest*;
- 4) nyusun laporan hasil dumasar panalungtikan.

#### 1.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngaliwatan téhnik tés nu ngawengku tés tulis dimana eusina peunteun siswa anu ngawengku stuktur warta, éjahan kabasaan jeung eusi nalika nulis téks warta. Téhnik nu dilaksanakeun ngawengku tés awal (*pretest*) jeung tés akhir (*posttest*). Téhnik tés dina ieu panalungtikan téh pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis téks warta saméméh dilarapkeunna modél pangajaran PBL jeung sanggeus dilarapkeunna modél pangajaran PBL. Hasil tina dua tés ieu téh dibandingkeun pikeun mikanyaho ngaronjat henteuna kamampuh siswa dina nulis téks warta sanggeus dilarapkeunna modél pangajaran PBL.

#### 1.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 101) instrumén panalungtikan téh nyaéta alat bantu nu dipilih jeung digunakeun ku panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data nu sistematis. Jenis instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta instrumén tés, anu mangrupa alat ngumpulkeun data anu miboga sifat pikeun ngukur jeung ngahasilkeun data hasil ukur. Tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis téks warta anu ngawengku *pretest* jeung *posttest*. Tés tulisna ngeunaan nulis téks warta mangrupa soal tés nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung. Soal tés dina ieu panalungtikan téh nyaéta ngagunakeun lembar soal nu eusina wangun paréntah. Ieu soal tés dibérékeun sangkan siswa dina nulis téks warta eusina saluyu jeung informasi penting ngeunaan hiji kajadian atawa peristiwa nu keur lumangsung atawa kajadian nu aya di lingkungan sabundeureun siswa. Sedengkeun aspék nu di peunteunna ngeunaan struktur warta, éjahan, kahabasaan jeung eusi dina nulis téks warta. Tés nu digunakeun dina ieu panalungtikan digambarkeun dina wangun format soal *pretest* jeung *posttest*.





### 1.6 Téhnik Analisis Data

Ngolah data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan téhnik-téhnik ieu di handap.

- a. Data nu diolah nyaéta data anu dikumpulkeun ngaliwatan *pretest* jeung *posttest* nu dilaksanakeun ka siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung.
- b. Méré peunteun dumasar kana aspék anu geus ditangtukeun nyaéta eusi warta (unsur-unsur warta), basa tulis dina warta (pilihan kecap/diksi, éjahan, struktur kecap, jeung struktur kalimah) jeung pola midangkeun warta (struktur warta). Nu meunteun ieu data nyaéta panalungtik éta sorangan. Rubrik peunteun nu digunakeun nyaéta saperti ieu di handap.

**Tabél 3. 3**

Skala Skor Nulis Téks Warta

No.	Aspék nu dipeunteun		Skor	Kritéria	
1.	Eusi Warta (Unsur-Unsur Warta 5W+1H)	Naon	10	Aya kalimah nu ngajelaskeun ngeunaan naon nu dicaritakeun dina warta.	
		Dimana	10	Aya kalimah nu ngajelaskeun ngeunaan dimana kajadian dina warta.	
		Iraha	10	Aya kalimah nu ngajelaskeun iraha kajadian dina warta.	
		Saha	10	Aya kalimah nu ngajelaskeun ngeunaan saha waé nu aya dina warta.	
		Naha	10	Aya kalimah nu ngajelaskeun ngeunaan naha kajadianana lumangsung dina warta.	
		Kumaha	10	Aya kalimah nu ngajelaskeun ngeunaan kumaha lumangsungna kajadian dina warta.	
2.	Basa Tulis dina Warta	Pilihan Kecap (diksi)	1-5	5	Hadé pisan (pilihan kecapna saluyu jeung merenah)
				4	Hadé (pilihan kecapna saluyu tapi teu merenah)
				3	Sedeng (pilihan kecapna kurang saluyu)
				2	Kurang (pilihan kecapna kurang saluyu jeung teu merenah)
				1	Kurang Pisan (teu asup butuh bimbingan)

Artia Catur Utami Putri, 2021

**MODÉL PANGAJARAN PROBLEM BASED LEARNING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS WARTA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No.	Aspék nu dipeunteun		Skor	Kritéria		
		Éjahan	1-5	5	Hadé Pisan (ngawasa kana éjahan, kasalahan ngan saéतिक)	
				4	Hadé (ngawasa kana éjahan tapi sakapeung sok aya kasalahan dina éjahan)	
				3	Sedeng (kasalahan dina éjahan mindeng kajadian)	
				2	Kurang (teu ngarti kana éjahan)	
				1	Kurang Pisan (teu asup butuh bimbingan)	
		Struktur Kecap	1-10		9-10	Hadé Pisan (teu aya kasalahan dina panulisan kecap dina warta)
					7-8	Hadé (aya saeutik kasalahan dina panulisan warta)
					5-6	Sedeng (loba kasalahan dina panulisan jeung kamalayan)
					3-4	Kurang (teu ngarti kana struktur kecap nu ditulis)
					1-2	Kurang Pisan (teu asup butuh bimbingan)
		Struktur Kalimah	1-10		9-10	Hadé Pisan (kalimah nu digunakeun saluyu jeung SPOK)
					7-8	Hadé (kalimah nu digunakeun kurang saluyu jeung SPOK tapi aya saeutik kasalahan)
					5-6	Sedeng (kalimah nu digunakeun kurang saluyu jeung SPOK loba kasalah)
					3-4	Kurang (Teu ngarti kana struktur kalimah, loba kasalahan)
					1-2	Kurang Pisan (teu asup butuh bimbingan)
3.	Pola Midangkeun Warta	Struktur Warta	1-10	9-10	Hadé Pisan (struktur wartana lengkep pisan)	
				7-8	Hadé (struktur wartana rapih tapi kurang lengkep)	
				5-6	Sedeng (struktur wartana kurang rapih jeung kurang lengkep)	
				3-4	Kurang (struktur wartana acak-acakan jeung teu lengkep)	

Artia Catur Utami Putri, 2021

**MODÉL PANGAJARAN PROBLEM BASED LEARNING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS WARTA**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)



No.	Aspék nu dipeunteun		Skor	Kritéria	
				1-2	Kurang Pisan (teu asup nalika pangajaran, butuh bimbingan husus)

Harfield, spk. (dina Nurgiantoro, 2010, kc. 66) kalayan disaluyukeun skor katut kritéria.

Méré peunteun kana hasil *pretest* jeung *posttest* nulis téks warta siswa ngagunakeun rumus kalayan skor maksimal 100. Kalayan ngagunakeun rumus saperti ieu di handap.

$$Peunteun = \frac{\sum \text{skor nu kahontal}}{\sum \text{skor maksimal}} \times 100$$

Keterangan:

Skor maksimal: 100

**Tabél 3. 4**

Kritéria Peunteun Dumasar KKM

Peunteun	Keterangan
$\geq 78$	Mampuh
$\leq 78$	Can Mampuh

c. Skor ahir siswa diasupkeun kana tabél ieu di handap.

**Tabél 3. 5**

Kamampuh Nulis Téks Warta Siswa

No	NA	Kamampuh Nulis Téks Warta			$\Sigma$	P	Kategori/ KKM 78
		A	B	C			
$\Sigma$							
X							

Artia Catur Utami Putri, 2021

MODÉL PANGAJARAN PROBLEM BASED LEARNING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS WARTA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Keterangan:

No : Nomer

NA : Nomer Absén

A : Eusi Warta

B : Basa tulis dina warta

C : Pola midangkeun warta

$\Sigma$  : Jumlah Skor

P : Peunteun

X : Rata-rata peunteun

KKM : 78

Katégori : Peunteun  $\geq 78$  siswa dianggap mampu nulis téks warta

Peunteun  $\leq 78$  siswa dianggap can mampu nulis téks warta

Pikeun nangtukeun kritéria peunteun siswa dumasar aspék eusi warta (unsur-unsur 5W+1H), nurutkeun (Muslimin, 2020, kc.17) hiji warta nu lengkep kudu nyumponan genep unsur-unsur warta dumasar 5W+1H. Ku kituna, kritéria peunteun dumasar aspék eusi warta kabagi jadi lengkep jeung teu lengkep kalayan disaluyukeun jeung kritéria skala skor nulis téks warta.

### 1.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan nyaéta uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan dianalisis ku cara maké *software SPSS PASW versi 18. Statistical Product and Service Solution* (SPSS) nyaéta hiji program nu dipaké pikeun mantuan panalungtik dina prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik. Dina *input* nu dianalisis nyaéta hasil *pretest* kamampuh nulis téks warta saméméh ngagunakeun modél pangajaran PBL jeung *posttest* kamampuh nulis téks warta saeunggeus ngagunakeun modél pangajaran PBL, sarta *indeks gain* nu salajeungna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

#### 1.6.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nyaéta uji sipat data nu miboga fungsi pikeun mikanyaho normal

Artia Catur Utami Putri, 2021

**MODÉL PANGAJARAN PROBLEM BASED LEARNING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS WARTA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

henteuna data nu dipaké dina ieu panalungtikan. Nurutkeun (Sugiyono, 2019, kc.76) yén hiji data ngawangun distribusi normal nalika jumlah data di luhur jeung di handap rata-rata nyaéta sarua, kitu ogé simpangan bakuna. Dina ieu panalungtikan uji normalitas ngagunakeun uji *Kolgomov-Smirnov* ku cara maké *software SPSS PASW versi 18, Statistical Product and Service Solution* (SPSS). Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

$H_1$  : distribusi data normal

$H_0$  : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Kolgomov-Smirnov*, ku taraf signifikan 95% ( $\alpha=0.05$ ).

Kritéria pikeun nguji data saperti ieu di handap.

$H_1$  ditarima, lamun nilai sig, (signifikansi)  $\geq 0.05$

$H_0$  ditolak, lamun nilai sig, (signifikansi)  $\leq 0.05$

#### 1.6.1.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas digunakeun salaku bahan acuan pikeun nangtukeun kaputusan uji data nu satuluyna. Nurutkeun Sudjana (2013) uji homogénitas nyaéta uji ngeunaan sarua atawa henteuna variasi-variasi dua distribusi atawa leuwih. Anapon hipotésis pikeun uji homogénitas saperti ieu di handap.

$H_1$  : variasi sampel homogén

$H_0$  : variasi sampel henteu homogén

Uji homogénitas dilakukeun ku cara uji *Levene*, ku taraf signifikan 95% ( $\alpha=0.05$ ).

Kritéria pikeun nguji data saperti ieu di handap.

$H_1$  ditarima, lamun nilai sig, (signifikansi)  $\geq 0.05$

$H_0$  ditolak, lamun nilai sig, (signifikansi)  $\leq 0.05$

#### 1.6.1.3 Uji Hipotésis Data

Dina ieu panalungtikan dilakukeun uji hipotésis data pikeun nangtukeun ditarima

atawa hunteuna hipotésis. Uji hipotésis dina ieu panalungtikan ngagunakeun *software Statistical Product and Service Solutions (SPSS) PASW versi 18*, pikeun nangtukeun hipotésis dumasar kana kritéria saperti ieu di handap.

Hipotésis dina ieu panalungtikan nyaéta:

1) Hipotésis Alternatif ( $H_1$ )

Hipotésis alternatif dina ieu panalungtikan nyaéta aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks warta saméméh jeung saeunggeus dilarapkeunna modél pangajaran *Problem Based Learning* siswa kelas XI-Multimedia di SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021.

2) Hipotésis Nol ( $H_0$ )

Hipotésis nol dina ieu panalungtikan nyaéta teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks warta saméméh jeung saeunggeus dilarapkeunna modél pangajaran *Problem Based Learning* siswa kelas XI-Multimedia di SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021.